

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan minangka cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngahontal tujuan sarta ngajawab masalah-masalah anu diajukeun.

Ieu panalungtikan ngarujuk kana pamarekan panalungtikan kuantitatif. Nurutkeun Sukmadinata (2017), panalungtikan kuantitatif didadasaran ku falsafah positivisme anu nekenkeun fénoména obyektif anu diulik sacara kuantitatif atawa dilaksanakeun ngagunakeun angka, ngolah statistik, struktur jeung ékspérimén kakontrol. Sedengkeun jenis panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode kuasi ékspériméntal.

Sugiyono (2022, kc. 10), nétélakeun yén panalungtikan ékspérimén nya éta panalungtikan anu digunakeun pikeun manggihan pangaruh *perlakuan* nu tangtu ka batur dina kaayaan *terkendali* (dina kontrol).


Pamadegan anu sarua ogé diébréhkeun ku Arikunto (2010, kc. 272), anu ngahartikeun panalungtikan ékspérimén nya éta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya atawa henteuna akibat tina *perlakuan* kana subjék anu ditalungtik. Cara pikeun mikanyahona nya éta ngabandingkeun hiji atawa leuwih kelompok ékspérimén anu dibéré *perlakuan* jeung kelompok banding anu henteu dibéré *perlakuan*.

Satuluyna Sugiyono (2022, kc.73) nétélakeun yén aya sababaraha wangun desain ékspérimén, nya éta: desain pra-ékspérimén, desain ékspérimén murni, desain faktorial, jeung desain kuasi ékspérimén.

Masih nurutkeun Sugiyono (2022, kc. 77), désain kuasi ékspérimén miboga kelompok kontrol, tapi teu bisa sapinuhna ngajalankeun fungsina pikeun ngadalikeun variabel éksternal anu mangaruhan kana dilaksanakeunana ékspérimén. Sanajan kitu, ieu desain leuwih hadé batan desain pra-ékspérimén. Désain kuasi ékspérimén dipaké lantaran dina kanyataanana hésé meunangkeun kelompok kontrol anu digunakeun dina panalungtikan.

Dumasar kana katerangan di luhur, bisa dicindekkeun yén desain kuasi ékspérimén mangrupa jenis desain panalungtikan anu miboga kelompok kontrol jeung kelompok ékspérimén anu henteu dipilih sacara acak. Panalungtik ngagunakeun desain kuasi ékspérimén sabab dina ieu panalungtikan aya variabel éksternal anu teu bisa dikontrol ku panalungtik.

Léngkah anu dipaké dina ngarancang panalungtikan minangka stratégi nu ngahasilkeun modél panalungtikan disebut desain panalungtikan. Pamarekan kuantitatif dipaké dina ieu panalungtikan kalawan métode kuasi ékspérimén anu henteu ngagunakeun kelas kontrol. Désain anu digunakeun nya éta *Quasi Experiment Design* jenis *One-Grup Pretest Posttest Design*. Ieu panalungtikan dilaksanakeun dua kali ku cara tés nya éta saméméh ékspérimén (*Pretest*) anu satuluyna disebut pratés, jeung sanggeus ékspérimén (*Posttest*) anu satuluyna disebut pascaté. Pratés dipaké pikeun ngukur kamampuh awal siswa dina nulis lalampahan. Sanggeus éta, dibéré *perlakuan (treatment)* kumaha larapna téhnik saba budaya dina pangajaran nulis lalampahan, dipungkas ku kagiatan pascaté pikeun ngukur kamampuh akhir dina nulis lalampahan. Gambaran tina desain panalungtikan katitén saperti ieu di handap.



(Sugiono:2022, kc 74)

Keterangan :

O₁ = pratés (kamampuh nulis lalampahan saméméh ngagunakeun téhnik saba budaya)

X = treatment (pangajaran nulis lalampahan ngagunakeun téhnik saba budaya)

O₂ = pascaté (kamampuh nulis lalampahan sanggeus ngagunakeun téhnik saba budaya)

3.2. Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Dina ieu panalungtikan teu dipaké istilah populasi jeung sampel tapi maké istilah sumber data. Teu dipakéna dua istilah éta téh lantaran data dicokot ti salapan kelas. Unggal kelasna diwakilan ku tilu nepi ka genep urang siswa. Hasil tina panalungtikan ogé moal bisa digeneralisir kanu séjén. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kelas XI Fase F4 nepi ka F12 SMA Negeri 1 Lembang Kabupaten Bandung Barat. Dipilihna éta kelas téh kalawan tinimbangan jeung kawijakan ti Kepala Sekolah jeung Wakil Kepala Sekolah widang kurikulum.

Tabél 3. 1 Sumber Data Panalungtikan

NO.	WASTA	NISN / NIS	KELAS
1	Hanif Cahyatama Hermawan	0089544263 / 232410121	XI Fase F 4
2	Resty Meiva Kamila Fathoni	0088345260 / 232410137	XI Fase F 4
3	Sendy Agung Permana	0074987335 / 232410141	XI Fase F 4
4	Hilwa Syifaurrohman	0084852854 / 232410155	XI Fase F 5
5	Resta Meiva Kamila Fathoni	0089599191 / 232410171	XI Fase F 5
6	Salman Faris Abdul Hafidz	0078434961 / 232410174	XI Fase F 5
7	As As Asmah Siti Jamilah	0084747866 / 232410185	XI Fase F 6
8	Febriana Rohana	0086012591 / 232410190	XI Fase F 6
9	Hakin Najili	0086805966 / 232410191	XI Fase F 6

NO.	WASTA	NISN / NIS	KELAS
10	Aura Azkya	0084106389 / 232410220	XI Fase F 7
11	Dela Wijayaningsih	0084735372 / 232410222	XI Fase F 7
12	Anisa Ilmi Azura	0074635819 / 232410256	XI Fase F 8
13	Nadira Jauza Najmi	0085058333 / 232410273	XI Fase F 8
14	Sandy Rahayu Setiawan	0082506378 / 232410283	XI Fase F 8
15	Zhikra Farhika Putri Ramdhan	0081825982 / 232410288	XI Fase F 8
16	Mona Tasya Sukmanabila	0084884839 / 232410307	XI Fase F 9
17	Rei Hikaru Athailah Ahmad	0078843605 / 232410316	XI Fase F 9
18	Tania Aulia Putri	0079787152 / 232410323	XI Fase F 9
19	Amelia Indira Maharani	0085450590 / 232410327	XI Fase F 10
20	Bagus Ari S	0087439096 / 232410328	XI Fase F 10
21	Cinta Kirana	0075003985 / 232410330	XI Fase F 10
22	Elvan Ramadhan	0073258149 / 232410334	XI Fase F 10
23	Genyas Aisyaa Ratu Sophia	0073802042 / 232410337	XI Fase F 10
24	Reifan Triandhika	0082419640 / 232410351	XI Fase F 10
25	Aloysius Adereza Saputra	0072252041 / 232410361	XI Fase F 11
26	Regan Philips Macquin Singal	0081976318 / 232410386	XI Fase F 11
27	Wina Widaningsih	0082595247 / 232410394	XI Fase F 11
28	Aldi Malik Febrian	3084234144 / 232410397	XI Fase F 12
29	Aliffa Lysabrina Putri R.W.	0073142385 / 232410399	XI Fase F 12
30	Kirana Dzulhi Maheswari	0071484585 / 232410413	XI Fase F 12

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun di SMA Negeri 1 Lembang, anu alamatna di Jalan Maribaya No. 68 Desa Kayuambon Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Dina panalungtikan kuantitatif, panalungtik bakal ngagunakeun instrumén pikeun ngumpulkeun data.

Sugiyono (2022, kc. 92) nétélakeun yén instrumén dipaké pikeun ngukur ajén variabel anu ditalungtik. Ku kituna jumlah instrumén anu bakal digunakeun pikeun panalungtikan gumantung kana jumlah variabel anu ditalungtik.

Wanda instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés tinulis. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés ngukur kamampuh nulis laporan lalampahan. Anapon wanda instrumén anu digunakeun pikeun maluruh persépsi siswa kana téhnik saba budaya nya éta maké skala pengukuran skala linkert.

Skala Linkert mangrupa skala psikométri anu biasa digunakeun dina angkét sarta mangrupa skala anu paling loba dipaké dina panalungtikan dina wangun survéy. Skala Likert mangrupa skala panalungtikan anu digunakeun pikeun ngukur sikep jeung pamadegan. Dina skala Linkert, réspondén dipénta pikeun ngalengkepan angkét anu bisa nuduhkeun tingkat panuju henteuna kana hal anu jadi bahan panalungtikan kalawan maké sababaraha patalékan.

3.3.1. Instrumén Pratés

Instrumén pratés anu dibikeun ka siswa mangrupa lembaran tés wangun soal éséy, katitén saperti ieu di handap.

Tabél 3. 2 Instrumén Pratés

Pratés

Wasta	
Kelas	

Pituduh

1. Tuliskeun wasta lengkep hidep jeung kelas dina kolom anu geus disayagikeun
2. Pigawé pancén kalawan daria
3. Baca tur tengetan deui hasil pagawéan hidep saméméh dikumpulkeun

Soal :

Jieun laporan lalampahan hidep waktu kamari miluan karnaval atawa lalajo karnaval di lembur hidep séwang-séwangan!

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

3.3.2 Instrumén Pascatés

Instrumén pascatés anu dibikeun ka siswa mangrupa lembaran tés wangun soal éséy, saréngsena dibéré *treatment* téhnik saba budaya. Sangkan leuwih jéntré, conto parentah tésna katitén saperti ieu di handap.

Tabél 3. 3 Instrumén Pascatés

Pascatés

Wasta	
Kelas	

Pituduh

1. Tuliskeun wasta lengkep hidep jeung kelas dina kolom anu geus disayagikeun
2. Pigawé pancén kalawan daria
3. Baca tur tengetan deui hasil pagawéan hidep saméméh dikumpulkeun

Soal :

Jieun laporan lalampahan hidep waktu kamari milu karyawisata ka Kampung Adat Cireundeu!

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

3.3.3. Instrumén Angkét

Angket anu digunakeun pikeun maluruh persépsi siswa kana téhnik saba budaya téh dijieunn dina wangun *googleform* anu dibagikeun ka sakabéh sumber data anu milu kagiatan karyawisata ka Kampung Adat Cireundeu, katiten saperti ieu di handap.

LEMBAR ANGKÉT
PERSÉPSI SISWA KELAS XI FASE F SMAN 1 LEMBANG
KANA TÉHNIK SABA BUDAYA DINA PANGAJARAN NULIS LAPORAN
LALAMPAHAN KA KAMPUNG ADAT CIREUNDEU

Data Réspondén

WASTA :

KELAS :

Pituduh

1. Baca unggal pananya kalawan taliti saméméh nangtukeun jawabanana.
2. Ceklis (✓) salah sahiji jawaban anu dianggap pangdeukeutna atawa nurutkeun pamadegan hidep upama
SP : Satuju pisan
S : Satuju
N : Netral
TS : Teu Satuju
TSP : Teu Satuju Pisan
3. Parios deui jawaban hidep sateuacan dikempelkeun

A. Persépsi Siswa kana téhnik saba budaya

Tabél 3. 4 Persépsi Siswa kana Téhnik Saba Budaya

NO	DAFTAR PATALÉKAN	TSP	TS	N	S	SP
1	Hidep resep ku ayana saba budaya ka Kampung Adat Cireunde					
2	Saba budaya ka Kampung Adat Cireunde bisa nambahan pangalaman hidep					
3	Saba budaya ka Kampung Adat Cireunde bisa nambahan ilmu pangaweruh hidep					
4	Saba budaya ka Kampung Adat Cireunde bisa nambahan motivasi diajar					
5	Saba budaya ka Kampung Adat Cireunde bisa nambahan aspék kabagjaan dina diri hidep					
6	Saba Budaya ka Kampung Adat Cireunde bisa méré solusi kana rasa bosen dina diajar					
7	Saba Budaya ka Kampung Adat Cireunde bisa ngasah aktivitas fisik					
8	Saba Budaya ka Kampung Adat Cireunde bisa ngasah kreativitas					
9	Saba Budaya ka Kampung Adat Cireunde méré inpormasi anu relevan ngeunaan budaya					

NO	DAFTAR PATALÉKAN	TSP	TS	N	S	SP
10	Dina waktu saba budaya ka Kampung Adat Cireundeu hidep bisa nitenan kahirupan masarakat Kampung Adat sacara langsung					
11	Dina waktu saba budaya ka Kampung Adat Cireundeu hidep bisa nanyakeun hal-hal anu teu kaharti atawa anu anyar nu kapanggih ku hidep ngeunaan masarakat adat					
12	Pedaran ti narasumber di Kampung Adat Cireundeu leuwih jéntré tibatan informasi tian buku atawa ti guru					
13	Sanggeus saba budaya ka Kampung Adat Cireundeu hidep leuwih resep diajar basa Sunda					
14	Sanggeus saba budaya ka Kampung Adat Cireundeu, kumaha sikep hidep ka masarakat Kampung Adat					
15	Kuring ngarasa sugema diajar maké téhnik saba budaya					
16	Sanggeus sab budaya ka Kampung Adat Cireundeu hidep bisa nyusun pangalaman dina laporan lalampahan sacara sistematis					

B. Persépsi Siswa kana Komponen Pendukung Kegiatan Karyawisata

NO	DAFTAR PATALÉKAN	TSP	TS	N	S	SP
17	Tempat anu dipilih luyu jeung kabutuhan siswa					
18	Agenda kegiatan sab budaya ka Kampung Adat Cireundeun didadarkeun sacara jéntré					
19	Guru miboga peran dina kegiatan sab budaya ka Kampung Adat Cireundeun					
20	Parentah dina LKPD (<i>penugasan</i>) anu dipancénkeun ka siswa gampang dipikaharti					
21	Alat transportasi jeung akomodasi anu dipaké nyugemakéun hidep					

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun nya éta téhnik tés. Tés mangrupa saruntuyan patalékan atawa latihan nu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipibanda ku individu atawa kelompok (Arikunto 2010).

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pratés jeung pascaté anu dibikeun ka sumber data. Pratés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nuliskeun laporan lalampahan samemeh ayana *perlakuan (treatment)*, anapon pascaté digunakeun pikeun mikanyaho aya henteuna pangaruh téhnik saba budaya kana kamampuh siswa dina nulis laporan lalampahan sanggeus dibéré *perlakuan* ngagunakeun téhnik saba budaya.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data nya éta: (1) nyusun instrumén panalungtikan dina wangun tés; (2) siswa ngalaksanakeun pancén anu mangrupa pratés dina nulis laporan lalampahan; (3) ngalaksanakeun kagiatan karyawisata; (4) ngalaksanakeun pascaté; jeung (5) ngaanalisis hasil tés.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Tujuan tina kagiatan ngolah data nya éta pikeun néangan jawaban kana pasualan dina ieu panalungtikan. Data anu paling utama dina ieu panalungtikan téh nya éta ngolah data pratés jeung pascaté. Hasil tina ngolah data ieu dipaké pikeun ngalengkepan tur ngadeudeulan kana hipotésis, naha téhnik saba budaya ieu téh bisa mangaruhan atawa henteu kana pangajaran nulis laporan lalampahan.

Patali jeung éta hal, téhnik ngolah data dipaké pikeun maluruh jawaban tina pasualan anu kapanggih dina ieu panalungtikan. Data anu kacangking tina hasil pratés jeung pascaté tuluy diolah sangkan kapanggih bédana. Data anu kudu kacangking nya éta:

1. kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang saméméh ngagunakeun téhnik saba budaya
2. kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang sanggeus ngagunakeun téhnik saba budaya
3. aya béda nu signifikan ngeunaan kamampuh kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang saméméh jeung sanggeus ngagunakeun téhnik saba budaya

Anapon kriteria méré peunteun nulis laporan lalampahan dina ieu panalungtikan dimekarkeun ku Hartfield, spk dina (Nurgiyantoro, 2017, kc. 480-481).

Patali jeung hal anu dijéntrékeun di luhur, pikeun leuwih jéntré ngeunaan pedoman méré peunteun dina nulis laporan lalampahan, katitén tina tabél di handap.

Tabél 3. 5 Pedoman Méré Peunteun Nulis Laporan Lalampahan

NO	ASPEK	SKOR	KETERANGAN
A	Eusi	27-30	Alus pisan - Sampurna: informasi loba, subtansif, mekarkeun tulisan sampurna, relevan jeung pasualan tur lengkep, dimekarkeun sacara jéntré jeung matak ngirut
		22-26	Sedeng-Alus: informasi cukup, subtansif, mekarkeun tulisan luyu jeung tema, relevan jeung masalah, dimekarkeun rada jéntré jeung matak ngirut
		17-21	Cukup-sedeng: informasi kawatésanan, subtansi cukup, mekarkeun tulisan jéntré tapi teu matak ngirut, relevan jeung ide gagasan, ngan teu lengkep
		13-16	Kurang pisan: euweuh informasi, euweuh subtansi, tulisan teu dimekarkeun, teu ngirut jeung euweuh judul
B	Organisasi	18-20	Alus - sampurna: éksprési lancar, gagasan jéntré, loba, sistematis, urutan logis
		14-17	Cukup-alus: kurang lancar, kurang sistematis, katémbong ide utamana, bahan kawatésanan, urutan logis, najan teu lengkep
		10-13	Sedeng-cukup: teu lancar, gagasan teu sistematis, urutan jeung kamekaran tulisan teu logis

NO	ASPEK	SKOR	KETERANGAN
		7-9	Kurang pisan: teu komunikatif, teu sistematis, teu bisa dipeunteun
C	Kandaga	18-20	Alus pisan-sampurna: méréhah dina maké kecap, pilihan kecap méréhah, ngawasa dina ngawangun kecap
		14-17	Cukup-alus: kurang méréhah dina ngawangun kecap, pilihan kecap kurang méréhah tapi teu mangaruhan ma'na
		10-13	Sedeng-cukup: poténsi maké kecap kawatésanan, loba kasalahan dina pilihan kecap anu mangaruhan ma'na
		7-9	Kurang-pisan: poténsi maké kecap kurang, pangaweruh kandaga kecap rendah, teu bisa dipeunteun
D	Makéna Basa	22-25	Alus pisan-sampurna: kontruksi kompléks tapi teu éféktif, ngan saeutik kasalahan maké wangun kabasaan
		18-21	Cukup-alus: kontruksi basajan tapi éféktif, saeutik kasalahan dina kontruksi kompléks, aya kasalahan tapi ma'na ajeg
		11-17	Sedeng-cukup: aya kasalahan serius dina kontruksi kalimat, ma'na teu ajeg
		5-10	Kurang-pisan: teu ngarti aturan sintaksis, loba kasalahan, teu komunikatif, teu bisa dipeunteun
		5	Alus pisan-sampurna: ngawasa aturan nulis, saeutik kasalahan éjahan

NO	ASPÉK	SKOR	KETERANGAN
E	Tata Tulis	4	Cukup-alus: saeutik kasalahan éjahan, teu ngarobah ma’na
		3	Sedeng-cukup: loba kasalahan éjahan, ma’na teu ajeg
		2	Kurang-pisan: teu ngawasa aturan nulis, loba kasalahann éjahan, tulisan teu kabaca, teu bisa dipeunteun
Jumlah		28-100	

Hartfield (dina Nurgiyantoro 2017)

3.5.1 Méré Peunteun

Hasil pratés jeung pascatés siswa dipeunteun anu satuluyna ditabulasikeun, tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, standar deviasi jeung varian tina masing-masing tés. Sangkan objektivitas peunteun bisa kajaga, anu méré peunteun kana hasil tés dilakukeun ku dua urang guru.

Pikeun meunangkeun peunteun rumus anu dipaké nya éta :

$$Peunteun = \frac{skor\ anu\ kahontal}{skor\ maksimal} \times 100\%$$

Data nu mangrupa peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina ieu tabél.

Tabél 3. 6 Peunteun Siswa

NGARAN SISWA	ASPÉK MÉRÉ PEUNTEUN					PEUNTEUN	KATERANGAN
	A	B	C	D	E		
							Can Mampuh
							Mampuh
ΣB							
X							

Keterangan :

- A : aspék méré peunteun nulis laporan lalampahan ide/gagasan
 B : aspék méré peunteun nulis laporan lalampahan organisasi
 C : aspék méré peunteun nulis laporan lalampahan diksi
 D : aspék méré peunteun nulis laporan lalampahan makéna basa
 E : aspék méré peunteun nulis laporan lalampahan tata tulis
 ΣB : jumlah peunteun siswa (skor)
 X : rata-rata
 Can Mampuh : peunteun laporan lalampahan siswa <69
 Mampuh : peunteun laporan lalampahan siswa ≥ 70

Tabél 3. 7 Kategori Peunteun

No	Peunteun	Kategori
1	50-59	Kurang pisan
2	60-69	Kurang
3	70-79	Sedeng
4	80-89	Hade
5	90-100	Hade pisan

3.6 Téhnik Analisis Data

3.6.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilakukeun kana data skor pratés jeung pascaté kamampuh nulis laporan lalampahan. Uji normalitas data digunakeun pikeun mikanyaho wangun distribusi data (sampel) anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Ieu uji téh dilakukeun ngagunakeun *software Statistical Package For Social Sciences (SPSS) 25 for Windows* kalawan analisis statistik Uji Kolmogorov Smirnov jeung Uji Shapiro Wilk.

Kritéria uji normalitas dina darajat kasalahan atawa signifikansi 0,05 (5%) nya éta:

- Nilai normal (distribusi normal) lamun *Asymp Signification (Asymp.Sig)* $> \alpha 0.05$.
- Nilai henteu normal (distribusi teu normal) lamun *Asymp Signification (Asymp.Sig)* $\leq \alpha 0.05$.

3.6.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas digunakeun pikeun mikanyaho naha data pratés jeung posttést miboga variansi anu sarua atawa henteu. Uji homogénitas bisa digunakeun dina desain panalungtikan *one group* pratés-pascaté pikeun ngukur bédana hasil diajar. Dina ieu désain panalingtikan, sakelompok pamilon ngalaksanakeun tés awal (*pretést*), dibéré *perlakuan*, tuluy dilaksanakeun tés ahir (*posttést*). Uji homogénitas dina ieu panalungtikan, ngagunakeun *software Statistical Package For Social Sciences (SPSS) 25 for Windows*.

Kritéria kaputusan dina uji homogénitas dina SPSS nya éta:

- Lamun nilai signifikansi $< 0,05$ hartina data dinyatakeun teu homogén.
- Lamun nilai signifikansi $> 0,05$, hartina data dinyatakeun homogen.

3.6.3 Uji Gain

Uji gain mibanda tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil pratés jeung pascaté. Ngaliwatan uji gain bakal meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh dipakéna téhnik saba budaya kana kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas XI Fase F di SMA Negeri 1 Lembang.

Nurutkeun Hake, rumusan pikeun ngajawab yén aya béda anu signifikan atawa henteu saenggeus dibéré *perlakuan*, dirumuskeun ieu di handap.

$$N\ Gain = \frac{\text{skor posttest} - \text{skor pretest}}{\text{skor ideal} - \text{skor pretes}}$$

$H_a : \bar{X}_{\text{pratés}} \neq \bar{X}_{\text{posttést}}$, hartina kamampuh siswa ngaronjat antara pratés jeung pascaté.

$H_a : \bar{X}_{\text{pratés}} = \bar{X}_{\text{posttést}}$, hartina kamampuh siswa teu ngaronjat antara pratés jeung pascaté.

Kategorisasi nilai N-Gain bisa ditangtukeun dumasar kana nilai N-Gain atawa skor tina nilai N-Gain dina wangun persen (%). Tapi dina ieu panalungtikan bakal maké katégori nilai. Anapon dibagina kategori nilai N-Gain aya dina tabel ieu di handap.

Tabél 3. 8 Tabel Kategori Nilai N-Gain

Rentang Nilai N-Gain	Kategori
$G > 0,7$	Luhur
$0,3 \leq 0,7$	Sedeng
$G < 0,3$	Handap

3.6.4 Uji Hipotésis

Uji hipotesis mangrupikeun uji anu nangtukeun naha hipotesis ditolak atawa ditarima atawa pikeun nguji ayana pangaruh antara variabel bébas jeung variabel kauger.

Kriteria ditarima henteuna hipotésis ditangtukeun saperti ieu di handap.

- Lamun $t_{hitung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima. Jadi, téhnik saba budaya signifikan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang
- Lamun $t_{hitung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis ditolak. Jadi, téhnik saba budaya, teu signifikan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang

3.7 Variabel Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan katitén aya dua variabel nya éta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nya éta variabel anu dipangaruhan ku variabel lianna, sedengkeun variabel kauger nya éta variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas. Anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta téhnik saba budaya anu mangaruhan, sedengkeun variabel kauger dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa kelas XI Fase F SMA Negeri 1 Lembang dina nulis laporan lalampahan.